

21 oktòb, 2020

Chè Kominote Lekòl Piblik Boston:

Maten an, Komisyon Sante Piblik Boston an (BPHC) te divilge kèk done yo te kolekte nan tout vil la pandan sèt jou, ki montre ke to tès pozitif COVID-19 la ogmante a 5,7 pousan. Sa se yon ogmantasyon de 4,5 pousan ke yo te anrejistre semèn pase a, ak 4,1 pousan 2 semèn avan sa.

Done aktyèl yo montre yon tandans ogmantasyon danjre nan aktivite COVID-19 nan vil Boston, donk kòm yon mezi de prekosyon, mwen menm ak Majistra Walsh decide pou n mete yon kanpe nan aprantisaj an pèsòn pou tout elèv. **Apati demen, jedi, 22 oktòb, tout elèv Lekòl Piblik Boston ap aprann aleka jiskaske done sante piblik yo va montre yon tandans rediksyon nan ka pozitif COVID-19 yo.**

Nou toujou kenbe angajman sa a pou n founi opòtinite aprantisaj an pèsòn bay elèv nou yo, kou moman an ta vin sekirite ase pou n fè sa, e n ap kontinye bay elèv ki genyen plis bezwen yo priyorite nan aprantisaj an pèsòn nan. Lè ke to pozitivite sèt jou COVID-19 la va bese pi ba ke 5 pousan pandan yon dire 2 semèn youn aprè lòt, na va kòmanse akeyi elèv sila n yo ki genyen plis bezwen pou yo fè aprantisaj an pèsòn. Lòske to pozitivite sèt jou COVID-19 la va bese pi ba ke 4 pousan pandan yon dire 2 semèn youn aprè lòt, n ap rekòmanse aprantisaj an pèsòn nan ti kras pa ti kras, kòmanse sou elèv sila n yo ki pi jèn.

Genyen kèk fanmi ki te resevwa yon kominikasyon nan semèn ki sot pase a ki te mete yo okouran sou lè aprantisaj an pèsòn pitit yo ap kòmanse. Malerezman enfòmasyon sa a vin chanje akòz nouvèl sa a. **Tout elèv Lekòl Piblik Boston ap aprann aleka apati jedi, 22 oktòb.** N ap ba w tout mizajou yo konsènan plan nou, kou n fin devlope yo. Anplis de sa, lekòl yo va travay ak fanmi sila yo ki ka bezwen pase pran kèk aparèy teknolojik, oswa kèk lòt objè pèsònèl, ke elèv yo te ka petèt lese nan lekòl yo. Epitou n ap eksplòre kèk opsyon n kapab itilize pou n founi kèk sèvis bay elèv sila n yo ki genyen kèk andikap konplike, epi n va mete fanmi yo okouran ak plis enfòmasyon nan jou k ap vini yo.

Vil Boston ap ogmante efò tès ak efò sansibilizasyon nan katye afekte yo. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon sou COVID-19, ki enkli: lokal tès yo ak resous kominotè yo sou sit entènèt: boston.gov/coronavirus. Pou w jwenn plis enfòmasyon sou aprantisaj aleka, resous teknolojik, ak lokal kote y ap bay manje gratis yo, ale sou sit entènèt: bostonpublicschools.org/reopening.

Mwen konprann ke n ap travèse yon moman ensèten. Mwen remèsye n ankò pou pasyans nou, fleksibilite n, ak kolaborasyon n pandan n ap travay ansanm pou n bay elèv nou yo bonjan kalite eksperyans aprantisaj pandan peryòd difisil sa a. Pòte w byen e rete an bòn sante.

Mwen swete w meye ve m,



Doktè Brenda Cassellius
Sipèentandan

